# नेपाल में कार्यरत निकायन के कार्यसंचालन के आधारभूत मार्गदर्शन

हमनी नीचा देहल निकायन के नेपाल में सभी तरह के विकास सम्बन्धी काम आ जरुरत पड़ला पर मानवीय सहयोगो करे वास्ते नीचा लिखल मार्गदर्शन सभ के अंगीकार करत काम करे खातिर सहमति जनइले बानी । लिखल मार्गदर्शन सभ अन्तरराष्ट्रीय मान्यताप्राप्त आ नेपाल के भी सहमति रहल सिद्धान्तन पर आधारित बा ।

१. हमनी नेपाली जनता के जीवनस्तर में सुधार लेआवे खातिर योगदान करेके उद्देश्य से नेपाल में कार्यरत बानी । हमनी के सहयोग गरीबी घटावे खातिर, आधारभूत आवश्यकता के परिपूर्ति करे खातिर आ समुदायन के आत्मनिर्भर बनावे खातिर केन्द्रित रही ।

२. स्थानीय समुदायन द्वारा स्वेच्छा से व्यक्त आवश्यकता अनुसार हमनी काम करेनी आ जनमर्यादा, ओहलोग के संस्कृति, धर्म आ रीतिरिवाज के सम्मान करेनी ।

३. हमनी नेपाल के गरीब आ सामाजिक रूप से पछुवाइल जनता खातिर ऊ लोग कहीं बसल होखो आ केहू होखो, सहयोग पहुँचावेनी । हमनी कौनो राजनीतिक, जातिगत भा धर्म के आधार पर ना होके आवश्यकता के आधार पर मात्र सहयोग खातिर प्राथमिकता देवेनी ।

४. हमनी के सहयोग पारदर्शी बनावे खातिर हमनी प्रतिबद्ध बानी आ हमनी गरीब जनता आ ओहलोग के समुदायन के कार्यक्रम निर्माण, व्यवस्थापन आ कार्यान्वयनो में सहभागी बनावेनी । हमनी जिनका के सहयोग पहुँचावेके चाहेनी ओह जनता के प्रति आ ओह सहयोग खातिर स्रोत आ साधन पहुँचावेवाला के प्रति जवाबदेह होखेम ।

५. खास कके लिङ, जातिगत, जात आ धर्म के आधार पर कइल जाएवाला भेदभाव आ सामाजिक बहिष्कार जइसन आचरण के सुधारे में हमनी के सहयोग के सुनिश्चितता खोजल जाई ।

६. हमनी काम खातिर आवश्यक योग्यता रहल आ काम से मेल खाएवाला कर्मचारी मात्रे भर्ती करेनी । हमनी कौनो राजनीतिक आ आउर कौनो बात के आधार पर कर्मचारी छनौट आ भर्ती ना करेनी ।

७. हमनी के कर्मचारी आ विकास में साझेदार लोग के हिंसा, अपहरण, हारानी आ डरत्रास भा आउर कौनो तरह के धमकी देहल काम हमनी के स्वीकार्य ना होई ।

८. जहाँ हमनी के मुख्य मूल्य आ मान्यता के साथ सम्झौता करे खातिर हमनी के कर्मचारियन के मजबूर कइल जाए, ओतहाँ हमनी काम ना करेनी ।

९. हमनी के सहयोग के कौनो किसिम के सैनिक, राजनीतिक भा साम्प्रदायिक अभिप्राय खातिर प्रयोग करेवाला बात हमनी ना मानेम ।

१०. हमनी राजनीतिक दल सभ के कौनो किसिम के चन्दा ना देवेनी आ साथे साथ कौनो किसिम के दबाव में नगद भा जिन्सी केहू के ना देवेनी ।

११. हमनी के कार्यक्रम में उल्लेख भइल उद्देश्यन के पूरा कइला के अलावे आउर काम में हमनी के उपकरण, मालसामान आ साधन के प्रयोग ना करे दिआई । हमनी के सवारीसाधन हमनी के विकास कार्यक्रम से जेकरा सीधा सम्बन्ध नइखे ओइसन लोग भा मालसामान के ढोआई खातिर प्रयोग ना करे दिआई । हमनी के सवारीसाधन सभ सशस्त्र सैनिक भा जंगी पोसाक लगावल कर्मचारियन के आवागमन करे खातिर प्रयोग करे ना दिआई ।

१२. विकास खातिर भा मानवीय प्रयोग खातिर लेआवल गइल मालसामान सभ के चोरी, आउर काम में प्रयोग भा दुरुपयोग जइसन काम हमनी के मान्य ना होई । अइसन मालसामान बिना रोकटोक विकास कार्यस्थल तक पहुँचावल जरुरी बा ।

१३. हमनी सभी सम्बन्धित लोग के विकास आ मानवीय काम में कार्यरत हमनी के कर्मचारियन के सहयोग के आवश्यकता रहल जनता तक पहुँचावे में आ ओह काम सभ खातिर जरूरी स्रोत साधन के सकभर जल्दी पहुँचावे में आ ओह सभ के सुरक्षित करे में, सुरक्षा देवे में आ बिना रोकटोक आवागमन करे में सहयोग करे खातिर आग्रह करतानी ।

१४. अन्तरराष्ट्रीय मानवीय कानून आ मानवअधिकार अन्तर्गत परेवाला सभी कर्त्तव्य के पालन करे खातिर सम्बन्धित सभी लोग आ निकायन से हमनी आग्रह करतानी ।

Canadian Internatioinal Development Agency
Danida Danish Internatioinal Development Assistance
DFID Department for International Development
European Commission
Australian Government AusAID
gtz German Technical Cooperation
JICA Japan International Cooperation Agency
NORWEGIAN EMBASSY
DEZA DDC DSC SDC COSUDE Swiss Agency for Development and Cooperation
The Embassy of Finland
SNV Connecting People's Capacities Netherlands Development Organisation